

KOMINVIYON

RAPÒ ENPAK 2025 LIDÈCHIP KOLEKTIF MAVEN NAN



CHAPIT 2. ESÈ 2

Ak Kisa w t ap Panse ?

Maven Pioneer Winter (li|yo)

Fondatè, Koreyograf ak Direktè Atistik

maven.

Maven Leadership Collective

Ak kisa w t ap panse?

Pioneer Winter

KOMINYON 2025 Rapò Enpak Maven

Chapit 2 | Esè 2

Pioneer ([00:00](#)):

Mwen jwenn dans nan lòt moun. Kò a tèlman politik. Moun souvan konsidere kò yo kòm yon enstriman ki defayan, se poutèt sa atravè koreyografi nou òganize kò a yon fason pou kreye yon eksperyans kolektif ki depase yon senp kad kolektif. Mwen sonje jis anvan pandemi an, yo te bannou yon finansman reyèlman gwo, yon opòtinite non sèlman pou nou kreye yon nouvo koreyografi, men tou, pou n te fè yon toune, yon fwa tout bagay te prè, jiskaske nou te oblije kanpe. Se te reyèlman kòmansman refleksyon trè entansyonèl nou sou iterasyon ak ki jan iterasyon ba ou opòtinite pou retounen dèye epi pivote.

([0 0:58](#)):

Pivote pa yon move bagay. Pivote se enpwovizasyon. Li pèmèt ou tou vin pi byen konprann de ki sa koreyografi an ap pale. Mwen te gen kòm aspirasyon kreye yon travay reyèlman pwisan sou yo tèlman viv ansanm, men sa k ap pase lè kolektif sa a fragmante, lè nou divize epi nou dwe debrouye nou pou pwòp tèt nou? An mezi ke bagay yo t ap amelyore, nou te reprann repetisyon yo epi nou te fini pa kreye yon konpozisyon ansanm ki te antremele tout solo yo. E, se konsa pòtrè koreyografik sa a pa tap janm egziste si se pat pou bezwen nou te genyen pou n chanje kap nou pou fè fas ak pandemi an. Te gen plis chanjman ke m te ka konte, men se youn nan travay nou ki te pi enpòtan